

NYANGA RURAL DISTRICT COUNCIL

FREQUENTLY ASKED QUESTIONS ABOUT COUNCIL

1. What is a Rural District Council? / Chii chinonzi Kanzuru yeKumaruwa?

ANS- A Rural District Council is a Local Authority created in terms of Section 275 of the Constitution of Zimbabwe (Amendment NO. 20) Act of 2013 and the Rural District Councils Act (Chapter 29:13).

MaKanzuru eKumaruwa akaumbwa kubudikidza ne-Chikamu 275 cheBumbaro reMutemo weNyika ye-Zimbabwe rakadzikwa mugore ra-2013; pamwe neMutemo unonzi Rural District Councils Act (Chapter 29:13).

2. What are the functions of a Rural District Council? / Ndeapi mabasa anoitwa neKanzuru yeKumaruwa?

ANS- The functions of a Rural District Council include the following: creating stands for residential, industrial, church, recreational and commercial purposes; road maintenance, street-lighting, refuse collection, water and sewer reticulation, establishing pre-schools, schools, clinics, public libraries, recreational gardens, community halls and stadia; development control; making by-laws; and prescribing levies and rates to be paid by residents and businesses to enable Council to provide the afore-mentioned services.

Mabasa eKanzuru ndeanoti: kugadzirwa kwenzvimbo dzekuvaka dzimba nemabhizimusi; kugadzirwa kwemigwagwa; magetsi emumigwagwa; kutakurwa kwemarara nekuarasa; kutakurwa kwetsvina yemuzvimbuzi; kuwanisa vagari mvura yakachena mudzimba, kuvaka zvikoro, makirinika, dzimba dzekuverengera mabhuku, nzvimbo dzekutandarira, kugadzirwa kwemitemo miduku yemudunhu; pamwe nekutara mitero inofanira kubhadharwa nevagari nemabhizimusi kuita kuti Kanzuru igone kuita mabasa ataurwa.

3. Where does Council get its revenue? / Ndekupi kunobva mari inoita kuti Kanzuru igone kuita basa?

ANS- Council gets its revenue from the people and businesses within its area of jurisdiction. These revenue sources include: service charges; development levy, development permit fees, shop license fees; stand servicing fees and lease rentals.

Kanzuru inowana mari kubva kune vagari nemabhizimusi ari munzvimbo iri pasi pe-Kanzuru iyoyo. Mari yacho inobva kumitero inoti: service charges; development levy, development permit fees, shop license fees; stand servicing fees and lease rentals.

4. What is development levy? / Chii chinonzi “development levy”?

ANS-Development levy is a levy that heads of households in a communal or resettlement area pay to enable Council to facilitate development in their respective wards.

‘Development levy’ mutero unobhadharwa ngemunhu wese ari musoro wemba kumaruwa, kuita kuti Kanzuru igone kufambisa budiriro munzvimbo dzavo. Mutero uyu unobhadharwa kamwe pagore.

5. Who should pay development levy? / Ndiani anobhadhara ‘development levy’?

ANS-Every head of a household in a communal or resettlement area has a duty to pay development levy to Council. The levy is paid to the Village Head, who in turn remits the money to the Council.

Munhu wese ari musoro wemba, anogara kumaruwa, anofanira kubhadhara mutero we- 'development levy' ku-Kanzuru kamwe pagore. Mutero wacho unobhadharwa kuna-Sabhuku, Sabhuku achizovitsa mari yacho kuKanzuru.

6. If I am married but do not have my own piece of land, do I pay development levy when I am staying within my parents' homestead? Kana ndaka roora, asi ndisina munda wangu pachezvangu, ndichigara pamusha wevabereki vangu, ndinobhadhara mutero we- 'development levy' here?

ANS- Yes, because what qualifies a person to pay development levy is not ownership or possession of a piece of land but being a head of a household; and this includes widows and widowers or single parents.

Hongu, nekuti chinoita kuti munhu anzi anobhadhara 'development levy' haisi nyaya yekuti anemunda, asi kuti ava musoro wemba. Izvi zvino sanganisira shirikadzi, tsvimborume, nevanhukadzi kana vanhurume vasina murume kana mukadzi, asi vaine vana vavo.

7. What are service charges? / Chii chinonzi 'service charges'?

ANS-Service charges are levies that residents in an urban area pay to Council for services such as roads maintenance, street-lighting, refuse collection and sewer reticulation services.

'Service charges' mutero unobhadharwa nevagari venzvimbo dzava 'maguta' kuti Kanzuru igone kugadzira migwagwa, magetsi emumigwagwa, kutakura marara nekuarasa, pamwe nekuti tsvina yemuzvimbuzi ifambe zvakanaka.

8. What comes first service delivery and payment for services rendered by Council? / Chii chinotanga, kubhadharwa kwe-mari kuKanzuru kana kuitwa kwebasa neKanzuru?

ANS-Residents and businesses should first pay rates to enable Council to render services to them. This is because Council depends on revenue from residents and businesses within its area of jurisdiction.

Vagari nemabhizimusi ari munzvimbo iri pasi peKanzuru vanofanira kutanga kubhadhara mitero inodiwa neKanzuru, ndiko kuti Kanzuru igone kuzoita mabasa ayo kuvagari venzvimbo iyoyo.
